# Контракт пулларын төлеў мүддети 2021-жылдың 31-декабрь сәнесине шекем узайтырылады

Image not found or type unknown

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Билимлендириў мәкемелерине оқыўға қабыл етиў бойынша Мәмлекетлик комиссияның 2021-жыл 15-декабрьдеги 10-санлы қарарына муўапық 2021/2022-оқыў жылында жоқары оқыў орынларының бакалавриат ҳәм магистратурасына төлемли-контракт, соның ишинде, категорияластырылған төлемли-контракт тийкарында оқыўға қабыл етилген студентлер, оқыўы көширилген (көширип тикленген) ҳәм қайта тикленген студентлер оқыўы ушын контракт төлемин төлеўи ҳәм студентлер қатарына қабыл етиўди рәсмийлестириўдиң соңғы мүддети 2021-жылдың 31-декабрь сәнеси етип белгиленди.

Соның менен бирге, Каронавирус инфекциясына қарсы 2021-жылдың 15-ноябрь сәнесине шекем толық емленген (вакцина алған), бырақ емленгенли ҳаққындағы сертификатты белгиленген мүддеттен кешигип жоқары оқыў орнына усынған (усынып атырған) абитуриентлер менен студентлерге төлем-контракт суммасын төлеўде бир мәртелик 10 процент шегирмени қолланыўға руқсат етиледи.